



SUMATIF AKHIR TAHUN (SAT) KELAS 7 DAN 8
SMP KATOLIK “ST. YUSTINUS DE YACOBIS”
TAHUN AJARAN 2023 – 2024



.....

NAMA :

KELAS :

.....

PILIHAN GANDHA BIASA (1-10)

Pilihlah salah siji jawaban sing paling bener!

WACANEN SING PATITIS WACAN ING INGISOR IKI KANGGO NJAWAB SOAL 1-5

SULING

Suling thethulitan

Awirama kuna

Alelagon kuna

Nganyut-nganyut ngelangut

Endah

Ngresepake

Nanging aku gela, aku cuwa

Wis waleh

Nikmati wirama kuna

Aku bisa nyipta

Lelagon lan wirama anyar

Manut siliring angin

Mekroking kembang

Ombaking segara

Nggawa gingsiran

Angrenggani patamanan

Ngikis pesisir, ngremuk ing karang

Ayo padha lelagon anyar

Wirama anyar

Manut siliring angin anyar

1. Miturut panggurit suling kasebut pindhane (dipadhakake) karo
 - A. geguritan
 - B. lelagon
 - C. tembang
 - D. crita rakyat
2. Ing pungkasanane gatra panggurit duwe karep marang pamaca arupa
 - A. pamenging
 - B. pangajak
 - C. pameling
 - D. panjaluk

3. Gatra "Nggawa gingsiran" jroning geguritan kasebut karepe
 - A. nggawa pitungkas (pesan)
 - B. nyangga sanggan (beban)
 - C. gawe owah-owahan
 - D. ngrakit tembung

4. Tembung **angreggani** jroning geguritan kasebut karepe
 - A. ngebak-ngebaki
 - B. ngendah-endah
 - C. nyuker-nyukeri
 - D. meteng-metengi

5. Jroning geguritan kasebut panggurit nandhingake antarane
 - A. tembung karo lelarikane
 - B. bata karo kekuwatane
 - C. bata karo wewangunan
 - D. tembung karo bata

Teks kanggo njawab soal nomer 6-10

ALASKU SING WIS ILANG

Ing ngendi alasku sing biyen eyup edhum?
 Ing ngendi wit kenanga cepaka kang agenda arum?
 Alasku sing dadi omahe kewan-kewan galak
 Alasku sing dithukuli wit-witan mrajak
 Alasku sing dadi pangayomane manuk prenjak

Samubarang kukila ana
 Samubarang walang ataga
 Urip Tentrem sesandhingan tan ana sing munasika
 Kabeh jalma guyub sepi pamrih mring kinarya
 Saiyeg saeka praya memangun raharjaning praja

Endahing alasku nalika cilikanku
 Saben esuk ocehing kukila edi endah keprungu
 Swaraning saut-sautan manuk tuhu
 Maneka warna woh-wohan bisa dakluru
 Pang-pang garing padha lugur dakluru
 Cukup kanggo mangsak wibi
 Parisuka aneng jiwangga gawe beninge ati

Saiki alasku kuwiwis ilang
 Dadi kampung anyar lan perumahan
 Dadi pabrik, ruko, mall plaza, lan perkantoran
 Hawa resik lan seger wis kelangan
 Angin sumilir wus gumanti polusi keluk kandharaan
 Dhuh Gusti panjenengan paring pangapura
 Dhumateng jalma manungsa ingkang angkara murka

Sumber: *Bunga Rampai Puisi Jawa Modern*

Tresna Sukendro, Surabaya: Pustaka Mandhiri, 2020

6. Irah-irahan geguritan ing dhuwur yaiku ...
 - A. Alasku sing Isih ijo
 - B. Alas sing Wing Ilang
 - C. Alasku kang Sumimpen
 - D. Alasku sing Tansah Dakjaga

7. Geguritan ing dhuwur iku dumadi ... pada.
 A. 3
 B. 4
 C. 5
 D. 6
8. Tembung eyub edhum ing geguritan kasebut kalebu tembung
 A. saraja
 B. entar
 C. garba
 D. dasanama
9. Tembung **wibi** ing pada katelu geguritan kasebut tegese
 A. bapak
 B. ibu
 C. simbah
 D. budhe
10. Sing diluru penulis ing pada katelu geguritan kasebut yaiku
 A. woh-wohan
 B. pang garing
 C. woh-wohan lan pang garing
 D. godhong-godhongan lan woh-wohan

Soal Njodhokake (11-14)

Jodokna karo pratelan pranyataan sing cocog!

11. Jodhokna struktur fisik geguritan ing ngisor iki karo andharaning sisih tengene!
- | | | | |
|-----------------------|-----------------------|-----------------------|---|
| a. Pamilihing tembung | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | 1. Kanggo nambah wiramane lan kaendahane geguritan. |
| b. Penganggone majas | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | 2. Tembung sing dipilih padhet, mentes, lan mantesi |
| c. Penganggone wirama | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> | 3. Kanggo menehi pangangen-angene saka panggurit. |
12. Jodhokna struktur batine geguritan ing ngisor iki karo katerangan ing sisih tengene!
- | | | | |
|------------------|-------------------------------------|-------------------------------------|--|
| a. tema | <input checked="" type="checkbox"/> | <input checked="" type="checkbox"/> | 1. Sikape panggurit marang para pamaca. |
| b. nada | <input checked="" type="checkbox"/> | <input checked="" type="checkbox"/> | 2. Bakune gagasan jroning geguritan. |
| c. Citraan | <input checked="" type="checkbox"/> | <input checked="" type="checkbox"/> | 3. Tembung sing tegese ora salugune. |
| d. pesen moral | <input checked="" type="checkbox"/> | <input checked="" type="checkbox"/> | 4. Gegambarane pancadriya jroning geguritan. |
| e. tembung entar | <input checked="" type="checkbox"/> | <input checked="" type="checkbox"/> | 5. Piwulang kang kinandhut jroning geguritan |

Gatekna pithilan geguritan ing ngisor iki kanggo njawab soal nomer 13-14!











Urip iku Urup

Dening: H. Untoro











Uripe manungsa kadya cakra mangilingan
Ana bungah ana susah
Ana padhang ana peteng
Kabeh wis ginaris mring Hyang Widi
Ora bisa endha ora bisa suwala
Lamun takdhir pan wus teka

Estu wus tinitah
Lamun isih urip kudu obah
Sing sugih kudu loman dana sih
Yen kesrakat sing bisa kuwat mlarat
Aja amung ngumbar sesambat

13. Jodhokna tembung-tembung jroning geguritan karo tegese sing ana ing sisih tengene!

- | | | | |
|-------------|---|---|------------------|
| a. kadya |  |  | 1. sarwa rekasa |
| b. ginaris |  |  | 2. kaya |
| c. suwala |  |  | 3. seneng menehi |
| d. loman |  |  | 4. ditakdirake |
| e. kesrakat |  |  | 5. selak/nampik |

14. Jodhokna bab-bab sing kudu digatekake jroning nulis geguritan karo andharan ing sisih tengene!

- | | | | |
|------------------|---|---|-----------------------|
| a. diksi |  |  | 1. pangangen-angen |
| b. imajinasi |  |  | 2. gaya bahasa |
| c. majas |  |  | 3. pilihane tembung |
| d. ritmik |  |  | 4. tegese tetembungan |
| e. makna sematik |  |  | 5. tibane swara |

PILIHAN GANDHA KOMPLEKS (15-17)

Pilihèn jawaban sing bener! (Oleh luwih seka siji.)

Teks kanggo soal nomer 15-17

Yen sliramu rumangsa dadi wong Jawa
Geneya akeh sing wani
Mring pituture wong tuwa
Tumindak ora tata nerak angering budaya
Degsiya, adigang, adigung, adiguna

15. Isi kang kinandhut jroning geguritan ing dhuwur yaiku
 - A. Wong Jawa akeh sing mbantah marang pitutur wong tuwa
 - B. Wong Jawa isih padha tetep nguri-uri marang budaya Jawa
 - C. Wong Jawa tumindak nerak marang angger ugering budaya
 - D. Wong Jawa akeh sing awatak degsiya, adigang, adigung, adiguna
16. Pesen moral kang kinandhut jroning geguritan ing dhuwur yaiku
 - A. Wong Jawa kuwi kudu tansah mituhu mring pitutur wong tuwa.
 - B. Jejering wong Jawa kudu tumindak adigang, adigung, lan adiguna.
 - C. Dadi wong Jawa iku aja nganti nerak mring angger ugering budaya.
 - D. Sabisa-bisane singkirana watak degsiya, adigang, adigung, adiguna.
17. Unen-unen "adigang, adigung, adiguna" tegese
 - A. Wong kang ngendel-ngendelake kesugihane.
 - B. Wong kang ngendel-ngendelake kepinterane.
 - C. Wong kang ngendel-ngendelake kekuwatane.
 - D. Wong kang ngendel-ngendelake keluhurane.

PILIHAN GANDHA BIASA (18-27)

Wacanen kang premati tembang macapat "kinanthi" ing ngisor iki kanggo njawab soal

nomer 18-23!

- (1) Dadiya laku rineku
Cegah dhahar lawan guling
Lan aja kasukan-sukan
Anganggoa sawatawis
Ala watake wong suka
Suda prayitnaning batin
- (2) Yen wis tinitah wong agung
Aja sira gunggung dhiri
Aja raket lan wong ala
Kang ala lakurineki
Nora wurung ajak-ajak
Satemah anenulari
- (3) Nadyan asor wijilipun
Yen kalakuwane becik
Utawa sugih carita
Carita kang dadi mijil
Iku pantes raketana
Darapon mundhak kang budi

*Sumber: Serat Wulangreh, anggitanipun: Sinuhun
Pakubwana IV*

18. Tembang Kinanthi kasebut kriptana dening
 - A. Mr. yasadipura
 - B. Sinuhun Pakubwana IV
 - C. Mr. Susanto Tirtoprojo
 - D. Nayaka Lelana
19. "Cegah dhahar lawan guling" ing pada kapisan tembang kasebut tegese
 - A. ngurangi mangan lan turu
 - B. ngurangi urip foya-foya
 - C. ngurangi urip seneng
 - D. ngurangi watak angkara murka

20. "Ala watake wong suka suda prayitnaning batin" tegese ukara kasebut yaiku
- wong urip sepisan kudu seneng-seneng
 - wong urip prihatin lumrahe waspada
 - wong urip iku antarane seneng lan susah kudu seimbang
 - wong sing uripe mung seneng-seneng lumrahe kurang waspada
21. Tegese "wong agung" ing pada kapindho tembang kinanthi ing dhuwur tegese
- wong mlarat
 - wong kang uripe cukup
 - wong sugih
 - wong gedhe utawa pejabat
22. Pada katelu saka tembang kasebut wose/isine yaiku
- Senadyan wong cilik, yen tumindake becik iku pantes disrawungi.
 - Nyuda mangan, turu, lan urip kepenak kang bisa nyuda kaprayitnan.
 - Yen wis dadi wong gedhe (pejabat) aja sombong lan raket karo wong ala.
 - Kumpula karo wong sing luhur bebudene, awit bisa nular ing tumindakmu.
23. Tembang "Kinthi" kasebut paugeran guru wilangan lan guru lagune
- 12i, 6a, 8i, 8a, 8i
 - 8i, 8i, 8e, 8a, 7a, 8u
 - 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i
 - 12u, 6a, 8i, 12a, 9a, 9i

Gatekna wacan ing ngisor iki kanggo soal nomer 24 – 26

Nalika Majapahit ngalami kemunduran, ing pereenging Gunung Bromo ana sawijining pawongan kang lagi mbobot. Sawise tekan titi wancine nglairake, lair bayi wadon kang lucu lan ayu. Miturut critane, bayi iku minangka titisane Dewi, mulane praupane katon mencorong. Anehe, nalikane lair si jabang bayi ora nangis kaya bayi-bayi liyane. Dheweke mung anteng wae, mulane dheweke banjur dijenengke Rara Anteng. Ora adoh seka omahe Rara Anteng, ana garwane pandhitakang uga nglairake bayi lanang kang ngganteng. Nalika lair bayi iku nangise banter banget, tangane olehe nggegem rosa banget, lan olehe mancal uga kuwat banget, mulane banjur dijenengake Jaka Seger. Cocog karo awake sing katon seger.

24. Teks wacan ing ndhuwur yen dideleng saka teks mujudake perangan
- Orientasi
 - Komplikasi
 - Klimas
 - Resolusi
25. Sing dadi temane teks ing dhuwur yaiku
- Kraton Majahit saiki ketoke wis ngalami kemunduran.
 - Ing perenge Gunung Bromo akeh wong sing padha mbobot.
 - Laire bayi loro lanang wadon ora padha wewatakane.
 - Pakulinan sing dialami Masyarakat Bromo nalika nglairake.
26. Pranyatan ing ngisor iki sing mbedakake laire Rara Anteng lan Jaka Seger yaiku
- Rara Anteng dilairake saka lingkungan kraton, nanging Jaka Seger dilairake saka keluarga masyarakat biasa.
 - Rara Anteng nalika lair ora nangis kaya bayi liyane, Jaka Seger olehe nangis banter banget.
 - Jaka Seger lair ing lingkungan kraton, Rara Anteng ing masyarakat keluarga biasa.
 - Jaka Seger nalika lair ora nangis, Rara Anteng olehe nangis banter banget

Gatekna wacan ing ngisor iki kanggo njawab soal nomer 27.

Rara Anteng lan keluargane katon seneng banget nyumurupi raseksa iku lunga ninggalake desa kono. Ora watara suwe, Rara Anteng banjur rabi lan klakon dadi jodhone. Desa panggonan Rara Anteng lan Jaka Seger banjur dijenengake desa Tengger, mujudake gabungan saka jeneng Rara Aneng lan Jaka Seger. Kekarone padha urip guyub, rukun,lan ayem tentrem.

27. Teks wacan ing dhuwur yen dideleng saka strukture teks mujudake perangan
- A. orientasi
 - B. komplikasi
 - C. klimaks
 - D. resolusi

SOAL PILIHAN GANDHA KOMPLEKS (nomer 28-31)

Pilih jawaban sing bener! Pilihan jawaban sing bener oleh luwih saka siji.

Gatekna wacan ing ngisor iki!

Dina iku uga pas srengenge angslup, raseksa iku mulai tumandang gawe. Dheweke ngeruk gunung Bromo kanthi nggunakake bathok sing gedhe banget. Sewengi muput raseksa iku tumandang gawe terus-terusan kaya ora duwe kesel. Karan kekuwatan lan kasektene, segara sing dijuluk Rara Anteng wis meh dadi.

Rara Anteng sing tansah ngawas-awasi saka kadohan sajak kuwatir. "Tibake raseksa iku bener-bener sekti. Segarane wis meh rampung . aduh, cara kepriye ya sung kudu daklakoni?" rara Anteng bingung golek rekadaya kanggo nggagalake apa sing ditindakake raseksa iku. Dheweke banjur semedi, amrih oleh pepadhang lan bisa nemokake cara kanggo nggagalake kekaropane raseksa mau.

28. Pratelan ing ngisor iki sing cocog karo isine teks crita rayat ing dhuwur, yaiku
- A. Raseksa sing tumandang gawe kuwi tujuane nuruti apa sing dadi panjaluke Rara Anteng.
 - B. Rara Anteng rumangsa kuwatir menawa raseksa iku bisa minangkani apa sing dadi panjaluke.
 - C. Rara Anteng rumangsa seneng atine jalaran apa sing dadi panjaluke mesthi bakal keturunan.
 - D. Rara Anteng semedi golek cara kpriye supaya raseksa iku olehe tumandang gawe ora kasil.

Gatekna wacan ing ngisor iki kanggo soal nomer 29-31!

Endang Retnowati iku putrane Pabu Barwijaya ing Majapahit. Kajaba ayu rupane, tangkepe uga grapyak semanak marang sapa wae. Babar pisan ora mbeda-mbedakake drajat lan pangkat. Akeh nom-noman kang kesengsem karo Endang Retnowati. Ora sthithik para Pangeran lan putra ratu sing kepengin ngepek putri Majahit mau minangka garwa. Ewadene ora ana siji wae sing bisa ngrebut atine Endang Retnowati.

"Putraku Endang Retnowati, Sliramu wis diwasa. Wis wayahe kagungan garwa. Nanging, geneya nganti saiki atimu isih tinutup kanggo Priya?" ngendikane Prabu Brawijaya marang Endang Retnowati.

"Nyuwun duka Kanjeng Rama. Kula dereng badhe emah-emah menawi dereng kasembadan gegayuhan kula," ature Endng retnowati kanthi kurmat.

"Sing dadi gegayuhanmu iku apa, Ngger?"

"Kula kepengin gesang wonte ing laladan ingkang sepi. Kula kepengin sinau bab agami, Kanjeng Rama."

"Yen mung kepenngin sinau bab agama, ora perlu ndadak mapan ing laladan kang mencil. Ing sanjerone kraton kene wae, sliramu uga bisa nyinau Kitab Suci," ngendikane Sang Prabu kanthi sareh. "Ngene ya ngger, luwih becik sliramu tetep manggon ing kraton. Rama bakal nggolekake guru agama sing paling becik.."

29. Paraga lan wewatakan sing dituduhake jroning wacan ing dhuwur, yaiku
- A. Prabu Brawijaya watake kereng, wicaksana, lan mbeda-mbedakake marang sapa wae.
 - B. Prabu Brawijaya watake adil, wicaksana, tanggung jawab,sarta tresna marang putrane.
 - C. Endang Retnowati watake ngalem, skarepe dhewe, yen duwe kekarapan kudu kelakon.
 - D. Endang Renowati watake grapyak, semanak, lan ora mbeda-mbedakake marang sapa wae.

30. Pesen moral kang kinandhut jroning teks crita rakyat ing dhuwur, yaiku
- Jejer dadi wong tuwa kuwi kudu bisa ngrenahake marang putra-putrane.
 - Senajan dadi wong agung nanging aja nganti ngendelake kaluhurane.
 - Jejere wong tuwa kuwi kudu mbudidaya kepriye amrih putrane kasil.
 - Yen wis dadi wong ngaluhur aja nganti srawung karo wong asor.

Gatekna wacan ing ngisor iki kanggo njawab soal nomer 31.

Sunan Bonang olehe tindak menyang Demak nganti pirang-pirang minggu, keara pirang-pirang wulan. Nanging nalika kondur ing Tengah alas panjenengane isih nemoni Brandhal Lokajaya lungguh sedheku ing pinggir kali papane biyen. Sunan Bonang saiki pirsaa,, menawa dheweke manungsa pilihan, lan wis kebukak atine. Wiwit wektu iku Brandhal Lokajaya diangkat dadi muride Sunan Bonang. Ing tembe sawise dadi mubalegh asmane kondhang kanthi sesebutan SunanKalijaga.

31. Isi kang kinandhut dening teks crita ing dhuwur yaiku
- Brandhal Lokajaya mujudake pawongan sing tumindake ora kena ditiru dening sapa wae.
 - Brandhal Lokajaya bener-bener wis mertobat lan kepengin dadi muride Sunan Bonang.
 - Brandhal Lokajaya kuwi pancen bener-bener manungsa pilihan kang wis kebukak atine.
 - Brandhal Lokajaya ing tembe mburine asmane kondhang kanthi sesebutan Sunan kalijaga.

SOAL NJODHOKAKE (nomer 32-34)

Jodhokna karo pratelan/pranyatan sing cocog.

Gatekna wacan ing ngisor iki.

"Pasrahna Kabeh Donya brana sing kokgawa!" panggetake Brandhal Lokajaya marang Sunan Bonang sere. "Hem..., aku dalah panderekku ora nggawa bandha Donya apa-apa," wangsulane Sunan Bonang karo ayem. Minangka wali kang pinunjul panjenengane wis pirsaa menawa kang ana ngarepe iku Brandhal Lokajaya, manungsa pilihan kang durung kabukak atine.

"Yen pengin bandha Donya, kae lho jupuken!" Sunan Bonang nuding marang arahe who kolang-kaling. Sanalika who kolang-kaling sadhompok sing dituding malih dadi emas gumebyar. Gerombolane Brandhal Lokajaya sanalika gumun pating dlongop. Who kolang-kaling diundhuh nganti entek gusis. Nanging eloke, bereng tekan ngarepe Sunan Bonang, who ema siku mbalik dadi kolang-kaling biasa kaya sakawit. Nguningani kahanan iku, sanalika Brandhal Lokajaya dheprok sumungkem.

"Keparenga kula dados murid panjenengan, Kanjeng sunan," ature Brandhal Lokajaya marang Sunan Bonang. "Menawa kowe kepengin dadi muridku, , tetepa lungguh ing kono. Antinen aku nganti bali saka Demak," dhawuhe Sunan Bonang. Bebarengan karo murid-muride panjenengan banjur nerusake laku.

32. Jodhokna isi kang kinandhut saben-saben paragraf!3

- Brandhal Lokajaya rumangsa nggumun marang kaelokan sing mentas wae diweruhi.
- Brandhal Lokajaya kepengin dadi muride Sunan Bonang
- Brandhal Lokajaya ngrampog marang Sunan Bonang lan murid-muride

- Paragraf 1
- Paragraph 2
- Paragraf 3

33. Jodhokna jinis unggah-ungguh basa sing digunakake jroning wacan!

- a. "Keparenga kula dados murid panjenengan, Kanjeng Sunan."
- b. Bebarengan karo murid-muride panjenengane banjur nerusake laku.
- c. "Yen pengin bandha donya, kae lo jupuken!"
- d. Brandhal Lokajaya ngantos pinten-pinten dinten boten wangsul.

- 1. Basa ngoko lugu
- 2. Basa ngoko alus
- 3. Basa krama lugu
- 4. Basa krama alus

34. Jodhokna wewangunane ukara ing ngisor iki!

- a. Ature Brandhal Lokajaya marang Sunan Bonang, "Keparenga kula dados murid panjenengan, Kanjeng Sunan."
- b. Sunan Bonang ngutus Brandhal Lokajaya, supaya tetep manggon ing pinggir kali kono nggenteni rawuhe Sunan Bonang saka Demak.
- c. Sunan Bonang ngutus Brandhal Lokajaya.
- d. Minangka wali kang pinunjul panjenengane wis pirsia menawa kang ana ngarepe iku Brandhal Lokajaya, manungsa pilihan kang durung kabukak atine.

- 1. Ukara lamba
- 2. Ukara camboran
- 3. Ukara langsung
- 4. Ukara ora langsung

PILIHAN GANDHA BIASA (35-40)

Gatekna wacan ing ngisor iki kanggo njawab soal nomer 35-40.

Ing Pedhukuhan Tarub, urip sawijining randha kang aran Mbok Randha Tarub tilas garwane Ki Ageng Tarub. Dheweke urip ijenan jalaran tinilar bojo tanpa anak kang njalari nelangsane. Ing sawijining wengi ngepasi malem Jemuwah Kliwon, Mbok Randha Tarub sengaja ziarah ing makam Ki Ageng, ngiras turu ing makam kono muane nggawa bantal lan klasa. Eloke lelakon, bareng parak esuk Mbok Randha Tarub kaget lan gumun dene ing cedhake anggone turu ana bayi lanang nangis cengar-cenger. Bayi enggal digawa mulih, diedusi lan didulang degan kemlamut. Sawetara dina Mbok Randha malah metu banyu susune, mula bayi lanang tur bagus iku gelis gedhe. Bayi lanang iku dijenengi Jaka Tarub. Mbok Randha Tarub anggone nggulawenthah Jaka Tarub ngalah-ngalahi anake dhewe. ...

Sumber: *Cerita Rakyat dari Tanah Jawa*, Tresna Sukendro, Pustaka Mandiri, 2020.

35. Manut teks crita rakyat ing dhuwur, asmane garwane Mbok Randha Tarub yaiku
- A. Ki Ageng Sela
 - B. Ki Ageng Tarub
 - C. Ki Ageng Mangir
 - D. Ki Ageng Pemanahan
36. Sing njalari Mbok Randha Tarub nelangsa uripe yaiku amarga
- A. kakehan anak
 - B. ora duwe anak
 - C. garwane wis ninggal
 - D. tinlar bojo tanpa anak
37. Ing sawijining wengi ngepasi malem... Mbok Randha Tarub ziarah lan turu ing kuburan Ki Ageng.
- A. Jemuwah Legi
 - B. Jemuwah Wage
 - C. Jemuwah Kliwon
 - D. Jemuwah Pon
38. Sing ditemokake Mbok randha Tarub nalika tangi sawise sewengi turu ing kuburane Ki Ageng yaiku
- A. bayi lanang
 - B. bayi wadon
 - C. bayi estri
 - D. bayi bajang
39. Bayi mau banjur digawa mulih, diedusi lan didulang
- A. bubur ayam
 - B. bubur sumsum
 - C. degan kemlamut
 - D. degan cemukil
40. Tegese tembung nggulawenthah ing teks crita rakyat yaiku
- A. milara
 - B. ngelus-elus
 - C. nggondheli
 - D. ngopeni

“JUJUR IKU MUJUR”